

# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kabudayaan hiji masarakat enas-enasna mah henteu angger (statis) tapi dinamis, lantaran ngalaman parobahan ajén-inajén. Ari ngagésérna ajén-inajén lantaran pangaruh jaman anu terus robah seperti téhnologi informatika sarta globalisasi. Tah éta parobahan téh aya positif jeung négatifna, salah sahijina anu kapangaruhan nyaéta toponimi. Ngaran hiji tempat ti hiji mangsa ka mangsa séjénna tangtu béda lantaran ngaran patempatan gumantung kana pangalaman jeung kondisi jalma anu nyicingan éta tempat (Wulandari, 2016: kc. 176) Toponimi atawa aspék ngaran tempat anu kiwari geus ngagésér, contona dina méré ngaran tempat anu geus teu maliré deui kana kaedah budaya anu bisa jadi cicirén hiji daerah. Contona ngaran patempatan kiwari anu leuwih ngagunakeun basa asing, jeung geus teu maliré kana kondisi fisik atawa sajarah anu kungsi aya di éta tempat saperti Greenlake City jeung Meikarta.

Rais nétélakeun yén manusa jeung lingkunganana mangrupa dua hal anu patali jeung teu bisa dipisahkeun ti mimiti ayana manusa ka alam dunya. Ayana kabutuhan manusa dina ngalumangsungkeun hirup anu nyieun manusa kudu ngokolakeun sumber daya alam anu aya di daérah éta. Dina méré cicirén tempat, ilaharna manusa méré ngaran anu dipatalikeun jeung unsur-unsur rupa bumi atawa fénoména géografis anu aya di tempat éta contona pasir, walungan, tanjung, jsb (Rais, 2008: kc. 4)

Dua hal di luhur boga hiji gurat anu sarua yén ngaran patempatan téh mangrupa hiji hal anu pénting keur masarakat nu nyicingan daérahna. Nurutkeun Rais (2008: kc. 1) yén waktu manusa gubrag ka alam dunya aya dua atribut dina diri manusa anu teu bisa leungit, nyaéta ngaran dirina (*anthroponym*) jeung tempat lahirna (*toponym*).

Toponimi nyaéta élmu anu nalungtik kasang tukang ngaran hiji tempat. Nurutkeun Rais (2008: kc. 4-5) toponimi asalna ti basa Inggris nyaéta *toponym*, sacara harfiah hartina ngaran tempat di muka bumi (“*topos*” anu hartina tempat atawa *permukaan* saperti topografi, gambaran ngeunaan tempat-tempat di bumi, jeung “*nym*” tina “*onyma*” nu hartina ngaran), dina basa Inggris sok disebut ogé *geographical names* (ngaran geografis) atawa *place names* (ngaran tempat).

Nurutkeun ulikan folklor, toponimi téh séké sélér tina élmu onomastika (*onomastics*), anu ulikanana ngawengku di antarana baé: méré ngaran jalan, ngaran atawa jujuluk jalma (antroponim), ngaran kadaharan, ngaran bubuahan kaasup asal-usul (legénda) ngaran hiji tempat dumasar kana ‘sajarah’ ngajanggélékna (Danandjaja, 1984: kc. 27).

Asal-usul ngaran hiji patempatan atawa toponimi kaasup kana tradisi lisan anu jadi bagian tina ulikan folklor. Dina basa aya sub-disiplin élmu anu dipaké pikeun ngaguar ajén kabudayaan tina tradisi lisan ngaliwatan basa. Antropolinguistik nyaéta élmu anu museur dina hubunganan antara basa jeung budaya ngaliwatan média basa. Dina antropolinguistik aya sababaraha aspék anu jadi fokus nyaéta performansi jeung kompetensi (*performance & competency*), indéksikalitas (*indexicality*), sarta partisipasi (*participation*) (Sibarani, 2015 kc. 1-3).

Ngaran patempatan (toponimi) ogé teu sagawayah tapi aya kaédah-kaédahna, sahenteuna dina ngaran patempatan kudu diwangun ku aspék générik (*pasir, gunung, walungan, jsb*) sarta aspék husus atawa ngaran anu jadi cicirén éta tempat (Bachtiar, 2008 kc. 25-26). Lian ti éta ngaran patempatan atawa toponimi ogé dipangaruhan ku aspék fisik (hidrologis, géomorfologis, jeung biologis) jeung aspék nonfisikal (sosial-kultural) (Kosasih, 2009: kc. 1)

Dina toponimi aya pamahaman manusa ngeunaan ékosistem, jeung lingkungan di sabudeureunana, lian ti éta toponimi ogé bisa jadi identitas jeung cicirén hiji masarakat (Sobarna, 2015: kc. 101). Masarakat Sunda baheula sadar yén kahirupanana dipangaruhan jeung mangaruhan alam anu aya di sabudeureunana, masarakat Sunda ogé merhatikeun kana lingkunganana (Sudaryat, 2015: kc. 47). Lantaran kitu, masarakat Sunda ilaharna méré ngaran tempat dumasar kana alam nu aya di sabudeureunana sangkan jadi cicirén jeung idéntitas ti masarakat Sunda. Contona *Ciamis* nu nyirikeun yén masarakat Sunda téh ningali ayana aspék hidrologis (cai) atawa *ci-* nu jadi cicirén éta tempat.

Ngaran patempatan ogé bisa kapangaruhan ku ngaran sélér nu nyicingan éta patempatan contona aya Kampung Arab, Kampung Melayu, jeung Kampung Ambon (Ruchiat, 2011: kc. xii). Lian ti éta ngaran tempat ogé raket patalina jeung aspék sosial budaya saperti makna sajarah jeung harepan hiji daérah (Anshari, 2017: kc.67).

Kiwari masarakat Sunda geus teu wanoh kana harti tina ngaran patempatan, ieu hal lantaran pangaruh negatif tina globalisasi jeung gaya hirup nu geus kabarat-baratan nu ngabalukarkeun kurangna kareueus masarakat daerah ka budayana sorangan (Wawancara jeung Dinas Kébudayaan Kabupaten Subang). Lian ti éta, masarakat ogé geus teu apal sajarah kumaha ngaran patempatan anu aya di daérahna séwang-séwang lantaran kurangna data sajarah ngeunaan daérah. Teu kapaliréna toponimi ku masarakat téh bisa ngabalukarkeun leungitna sajarah ti hiji patempatan lantaran euweuhna dokumentasi tina ajén budaya anu nyangkaruk dina toponimi jeung ngajadikeun masarakat anu nyicingan éta tempat jadi teu apal sajarah (Taqyuddin, 2016 kc. 56).

Salah sahiji tempat anu can aya dokuméntasi ngeunaan toponimi nyaéta Kabupatén Subang. Kabupatén Subang jadi kabupatén anu kawentar lantaran jadi jalur anu ngahijikeun Bandung ka jalur pantura jeung kawéntar ku buah ganasna. Sacara wilayah Kabupatén Subang boga 30 kecamatan anu wawatesan jeung Laut Jawa, Kabupatén Bandung Barat, Kabupatén Sumedang, Kabupatén Indramayu, jeung Kabupatén Purwakarta.

Sacara géografis Subang kabagi jadi tilu wilayah nyaéta wilayah kidul (dataran luhur atawa pagunungan), wilayah tengah (dataran atawa dayeuh), jeung wilayah kalér (dataran anu deukeut ka laut atawa basisir). Tiap daérah tangtuna boga asal-usul ngeunaan ngaran patempatanana, boh tina kondisi géografis sabudeureunana atawa kajadian nu kungsi aya di éta tempat.

Kecap Subang boga sababaraha versi harti, aya nu nyebutkeun asalna tina kecap *asu* jeung *abang* nu hartina anjing beureum, aya nu nyebutkeun yén kecap Subang teh asalna tina kecap *kubang* sarta nu pangpopulerna nyaéta tina kecap *Subanglarang*. Sanajan kitu masih loba kénéh masarakat Subang nu can wanoh kana asal-usul daérahna séwang-séwang lantaran can kapaluruhna data sajarah ngeunaan tiap wilayah. Lian ti éta pamaréntah Kabupatén Subang ogé can boga data lengkep ngeunaan sajarah daérah anu aya di Subang (Wawancara jeung Dinas Kebudayaan Kabupatén Subang).

Dumasar kana pedaran di luhur kapaluruh sababaraha masalah anu aya di Kabupatén Subang saperti can ayana dokuméntasi ngeunaan toponimi di Kabupatén Subang jeung loba masarakat anu teu wanoh ka sajarah daérahna. Ku

lantaran kitu nu nalungtik ngarasa perlu ayana panalungtikan ngeunaan toponimi di Kabupatén Subang. Tujuan panalungtikan ieu nyaéta pikeun ngaguar ma'na nyungsi harti ti toponimi di Kabupaten Subang. Lian ti éta panalungtikan ieu boga tujuan pikeun ngainventarisir ngeunaan sajarah nu aya di tiap tempat, jeung anu tarakhir pikeun bahan ulikan panalungtikan toponimi kahareupna.

Panalungtikan ngeunaan toponimi di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda kawilang loba seperti “*Asal-Muasal Ngaran Tempat di Kecamatan Cimalaka Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Dongéng di Kelas VII SMP*” ku Dede Rifandi (2017) nu matalikeun carita rahayat tina toponimi di Kecamatan Cimalaka pikeun bahan pangajaran, jeung “*Toponimi Dumasar Carita Rahayat di Kecamatan Parigi Kabupaten Pangandaran pikeun Bahan Pangajaran Dongéng di Kelas VII SMP*” ku Intan Nur (2019) nu teu béda jauh ti panalungtikan saacanna tapi boga bébédaan dina objékna.

Dumasar kana pedaran ngeunaan Subang sarta panalungtikan saméméhna can aya anu nalungtik toponimi Kabupatén Subang, nu nalungtik ngarasa perlu pikeun ngayakeun panalungtikan dina wangun skripsi anu dijudulan “Antropolinguistik dina Toponimi Kabupatén Subang”. Dina ieu panalungtikan medar ngeunaan aspék toponimi, asal-usul, pola méré ngaran, sarta aspék antropolinguistik nu objékna ngaran désa di Kabupatén Subang. Lian ti éta bédana panalungtikan ieu jeung saméméhna dina objék sarta ulikan nu dipaké, dina panalungtikan ieu objékna nyaéta désa di Kabupaten Subang sarta ngagunakeun ulikan antropolinguistik.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur kaidentifikasi sababaraha masalah, di antarana nyaéta:

- 1) masarakat Kabupatén Subang anu teu wanoh kana asal-usul daérahna
- 2) can ayana data dokuméntasi ngeunaan aspék toponimi, pola ngaran, sarta antropolinguistik Kabupatén Subang

Dumasar kana masalah anu ditétélakeun di luhur panalungtik ngawatesanan panalungtikan ieu dina asal-usul toponimi, aspék toponimi, pola ngaran, sarta aspék antropolinguistik anu aya di Kabupaten Subang. Ku kituna, éta masalah bakal dipertélakeun dina wangun pananya ieu di handap.

- 1) aspék toponimi naon anu ngawangun ngaran désa di Kabupatén Subang?
- 2) pola naon anu dipaké dina méré ngaran désa di Kabupatén Subang?
- 3) kumaha sajarah atawa asal-usul ngaran désa di Kabupatén Subang?
- 4) kumaha parameter antropolinguistik anu aya dina ngaran désa di Kabupatén Subang?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan téh kabagi jadi dua aspék nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngaguar ngeunaan aspék toponimi anu aya di Kabupatén Subang, pola ngaran anu dipaké dina toponimi Kabupatén Subang, asal-usul ngaran toponimi di Kabupatén Subang, jeung aspék antropolinguistik anu aya di toponimi Kabupatén Subang.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung ngadéskrispsikeun opat hal, nyaéta

- 1) aspék toponimi anu aya dina ngaran désa di Kabupatén Subang;
- 2) pola anu dipaké dina méré ngaran-ngaran désa di Kabupatén Subang;
- 3) asal-usul ngaran désa di Kabupatén Subang; sarta
- 4) analisis ngaran désa dumasar kana parameter antropolinguistik.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nyaéta 1) mangpaat tioritis, 2) mangpaat praktis, 3) mangpaat isu jeung aksi sosial, jeung 4) mangpaat kawijakan.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara téoritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong kana kamekaran paélmu toponimi minangka élmu anu maluruh ngeunaan ngaran hiji patempatan katut asal-usulna. Sajaba ti éta, hasil tina ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun gambaran ka anu rék ngulik toponimi satuluyna.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, di antarana waé

- 1) pikeun panalungtik, bisa mekarkeun pangaweruh kana widang paélmuan toponimi;
- 2) pikeun masarakat, bisa dijadikeun bahan référénsi panalungtikan toponimi satuluyna, sarta bisa dijadikeun rujukan ngeunaan asal-usul daérah anu aya di Subang;
- 3) pikeun pamarentah, bisa dijadikeun inventarisir ngeunaan asal-usul, pola ngaran, aspék toponimi, sarta aspék antropolinguistik nu aya di Kabupaten Subang.

### **1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial**

Mangpaat isu sosial tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ka sakabéh pihak ngeunaan data sajarah désa anu aya di Kabupaten Subang nepi ka jadi bahan rujukan ngeunaan sajarah pikeun lembaga-lembaga formal atawa non formal, sarta masarakat sacara umum.

### **1.4.4 Mangpaat Kawijakan**

Mangpaat kawijakan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngarojong program pamaréntah anu aya dina Undang-undang No. 5 Taun 1992 ngeunaan Benda Cagar Budaya, jeung Peraturan Pamaréntah RI No. 78 Taun 2007 ngeunaan *Convention for The Safeguarding of the Intangible Cultural Heritage (Konvensi untuk Perlindungan Warisan Budaya Takbenda)*, sarta Perda Provinsi Jawa Barat No. 5 Taun 2003 ngeunaan Pelestarian jeung Pengembangan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daerah.

## **1.5 Sistematika Tulisan**

Hal anu dibahas dina Bab I Bubuka, mangrupa bagian munggaran atawa bubuka dina ieu panalungtikan, nu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Dina Bab II Ulikan Téori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Téori anu mimitina nyaéta ngeunaan folklor, dituluykeun ku téori toponimi,

eusina ngawengku wangenan toponimi, aspék ngaran dina toponimi sarta pola méré ngaran dina toponimi. Téori antropolinguistik, eusina ngawengku wangenan antropolinguistik, paraméter antropolinguistik, jeung antropolinguistik dina ulikan toponimi. Tuluy dina ieu panalungtikan ogé diguar ngeunaan bébédaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu kungsi dilakukeun saméméhna ku panalungtik séjén anu sarua ngaguar ngeunaan toponimi. Lian ti éta digambarkeun ogé peta konsép ngeunaan ieu panalungtikan dina bagan raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku désain panalungtikan, sumber data panalungtikan anu ngawengku lokasi panalungtikan jeung narasumber, téhnik ngumpulkeun data nu ngawengku wawancara, obsérvasi, jeung talaah pustaka, instrumén panalungtikan, sarta téknik analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil panalungtikan toponimi ngeunaan aspék toponimi dina ngaran désa, pola méré ngaran désa, asal-muasal ngaran désa anu aya di Kabupatén Subang, sarta ngaran désa dumasar paraméter antropolinguistik. Lian ti hasil dina bab ieu ogé aya pedaran.

Bab V Kacindekan, Impilikasi, jeung Rékoméndasi, mangrupa bab pamungkas anu eusina ngeunaan kacindekan jeung saran tina sakabéh hasil panalungtikan minangka panutup dina ieu panalungtikan. Lian ti éta, aya ogé implikasi anu patali jeung hasil tina panalungtikan sacara langsung sarta rékoméndasi anu ditepikeun pikeun anu maca atawa panalungtik toponimi satuluyna.